**МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ МИНИСТЕРСТВО ОБРАЗОВАНИЯ И НАУКИ ЧЕЧЕНСКОЙ РЕСПУБЛИКИ ОТДЕЛ ОБРАЗОВАНИЯ КУРЧАЛОЕВСКОГО РАЙОНА ЧЕЧЕНСКОЙ РЕСПУБЛИКИ**

**МБОУ «Ахмат-Юртовская СШ №1 им. А-Х. Кадырова»**

Выписка из ООП СОО

# РАБОЧАЯ ПРОГРАММА

**учебного предмета «Чеченский язык»**

для обучающихся 10-11классов

**с. Ахмат-Юрт**

## КХЕТОРАН КЕХАТ

Йуккъерчу йукъарчу дешаран тІегІанехь 10–11 классашна
лерина «Ненан (нохчийн) мотт» предметан Герггара белхан
программа (кхин дІа – Программа) хІоттийна, йуккъерчу йукъарчу дешаран федеральни пачхьалкхан дешаран стандартан (кхин дІа – ЙЙД ФПДС) «Ненан мотт а, литература а» предметан областана йукъайоьдучу дешаран предметаш кайерзоран жамІийн лехамашца догІуш.

Программин нормативан бакъонийн бух хІокху документех лаьтта:

1) Россин Федерацин Конституци;

2) 2012 шеран гІуран беттан 29-чу дийнахь арадаьлла «Россин Федерацехь дешаран хьокъехь» 273-ФЗ номер йолу Федеральни закон (хийцамашца а, тІетохаршца а);

3) 1991 шеран эсаран беттан 25-чу дийнахь арадаьлла «Россин Федерацин къаьмнийн меттанийн хьокъехь» 1807-1 номер йолу Россин Федерацин закон (хийцамашца а, тІетохаршца а);

4) Йуккъерчу йукъарчу дешаран федеральни пачхьалкхан дешаран стандарт (2022 шеран хьаьттан беттан 12-чу дийнахь арадаьллачу Россин Федерацин серлонан министерствон № 732 йолчу омрица тІечІагІйина);

5) Коьртачу йукъарчу дешаран Герггара коьрта дешаран программа (йукъарчу дешарехула йолчу федеральни дешаран-методикин цхьаьнакхетараллин сацамца къобалйина, 2022 шеран эсаран беттан 14-чу дийнахь арадаьлла номер 8/22 йолу протокол);

6) Кхетош-кхиоран Герггара программа (йукъарчу дешарехула йолчу федеральни дешаран-методикин цхьаьнакхетараллин сацамца къобалйина, 2022 шеран асаран беттан 23-чу дийнахь арадаьлла номер 3/22 йолу протокол);

7) Россин къаьмнийн ненан меттанаш хьехаран Концепци (2019 шеран гІуран беттан 1-чу дийнахь РФ серлонан министерствон Коллегис тІечІагІйина);

8) «Нохчийн меттан институт» ПКУ Іилманан кхеташоно тІечІагІйина нохчийн мотт а, нохчийн литература а хьехаран Концепци (2022 шеран хІутосург беттан 12-чу дийнахь арадаьлла номер 3 йолу протокол).

«Ненан (нохчийн) мотт» предмет Іаморан доккха маьІна ду йуккъерчу йукъарчу дешаран коьрта Іалашонаш кхочушйарехь: граждански цхьааллин а, дог-ойланан а баххаш дІахІоттарехь; шен гІуллакх вовшахтоха хьуьнар кхиорехь; дешархойн синъоьздангалла кхиорехь.

«Ненан (нохчийн) мотт» предмет Іаморехь дешархошна хуур ду тІекаренан а, дуьне, кхечу халкъийн культурица йуьстина нохчийн халкъан культура йовзаран а гІирсах санна нохчийн маттах пайдаэца. Культура а, массара тІеэцна адамийн мехаллаш а, къоман коьрта мехаллаш а йустарца Іаморо гІо дийр ду граждански цхьаалла, патриотизман, шен махках а, дукха къаьмнаш долчу пачхьалкхах а дозалла даран синхаамаш кхиорехь, ша муьлхачу халкъах ву, муьлхачу мехкан гражданин ву дика кхетарехь, кхиор ду кхечу къаьмнашца лараме йукъаметтиг хилар.

Программин бухе биллина бу системин-гIуллакхан некъ, шеца хила тарлуш болу:

– ша шен кхиорна, хаддаза Iамарна дешархойн кийча хилар кхоллар;

– дешаран гIуллакх кхочушдечу организацин кхиоран дешаран гуо кхоллар а, вовшахтасар а;

– дешархойн дешаран-довзаран жигара гIуллакх;

– дешаран гIуллакх дIахIоттор, дешархойн индивидуальни, хенан, психологин, физиологин башхаллаш а, могашалла а тидаме оьцуш.

Программа кхетош-кхиоран Герггарчу программехь хIиттийнчу Iалашонан приоритеташна тIехьажийна а йу, «Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предметан белхан программаш хIиттош, масална хила а тарло.

Программа хIоттийна нохчийн меттан хьехархочунна, ишколан дешаран хIинцалерчу тенденцешна а, Iаморан жигарчу методикашна а тIехьажийна йолу дешаран предметан белхан программа хIоттош, методически гIонакъосталла даран Iалашонца.

Программо хьехархочун таро хуьлуьйтур йу:

1) нохчийн мотт хьехарехь йуккъерчу йукъарчу дешаран федеральни пачхьалкхан дешаран стандартехь билгалдаьхначу Iаморан личностни, метапредметни, предметан жамIашка кхачош долу хIинцалера некъаш кхочушдан;

2) билггалчу классан башхаллаш тидаме а оьцуш, рузманан-тематикин хьесап хIотто, билгалдина дакъа/тема Iаморна дешаран хенан магийнчу герггарчу дIасайекъарх, ткъа иштта курсан да- къойн/темийн дешаран коьчал карайерзорна йалийнчу дешаран гIуллакхан коьртачу кепех пайда а оьцуш.

Личностни а, метапредметни а жамIаш далийна, йуккъерчу йукъарчу дешаран ишколехь нохчийн мотт хьехаран башхаллаш тидаме а оьцуш.

«Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предмет Iаморо билгалдо предметашна йукъара уьйраш гуманитарни циклан кхечу дешаран предметашца кхочушйар.

Программа хIоттийна йуккъерчу йукъарчу дешаран программаш кхочушйечу организацешна, нохчийн мотт хууш болчу дешархошна лерина.

**«Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предметан йукъара характеристика**

Нохчийн мотт – Нохчийн Республикин пачхьалкхан мотт, нохчийн халкъан ненан мотт.

Нохчийн мотт Iаморо гIо до дешархошна ламасталлин синъоьздангаллин мехаллаш карайерзо, оьздангалла, Даймахке безам кхио, ненан матте ларам хила, Россин а, дуьненан а къаьмнийн меттанашка а, культуре а ларам хила, эмоцин интеллект кхио, кхечу адамашна хетачух кхета, иза лара а.

Йукъардешаран организацийн дешархоша «Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предмет Iамор дIадолало йуьхьанцарчу йукъарчу дешаран тIегIанехь, коьртачу йукъарчу дешаран тIегIанехь тIедузу, йуккъерчу йукъарчу дешаран тIегIанехь чекхдолу.

«Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предмет нохчийн меттан оьздангаллехь компетенцеш кхуллучу йуккъерчу йукъарчу дешаран Iаморан системин коьртачу элементех цхьаъ йу. Цуьнан йукъарчу Iаморан системина йукъайаран кхачо йо гуманитарни циклан кхечу дешаран предметашца, къаьсттана «Ненан (нохчийн) меттан литература» дешаран предметаца йолчу чулацамечу уьйраша.

Ишколехь нохчийн мотт Iамор тIехьажийна ду дешархочун оьздангаллин а, коммуникативни а культура кхачаме йалорна а, цуьнан интеллектуальни а, кхоллараллин а похIма, ойлайар, суртхIоттор, ша шен Iамор, ша кхочушден дешаран гIуллакх кхиорна а.

«Ненан (нохчийн) мотт» Iаморан коьрта дидактически единица текст йу. Дешархошна йозу текст хIотторан коьрта бакъонаш йовзийтаро лакхайоккхур йу церан къамелан оьздангалла, къаьсттана хIинцалерчу кегийрхошна мехала йолу. Текстаца бечу балхо таро хуьлуьйту меттан системин хIоттам а, меттан дакъойн, тIегIанийн уьйр а гIолехь ган, ткъа иштта Iамаво текстан чулацамах кхета а, цуьнан анализ йан а (тема, коьрта ойла, авторна хетарг, и. д. кх. а).

Къамелан тIекаренан материал Iаморан башхалла йу дахаран хIора дийнахь тIекаре хила Iамор: нохчийн меттан литературин норманаш ларйеш, шен ойланаш кхеташ, нийса, суртхIотторца йов- зийта хаар а, меттан суртхIотторан гIирсех пайдаоьцуш, къамел дан хаар а.

Iамийна материал карлайаккхар йукъарчу ишколехь ненан (нохчийн) меттан чулацаман курсан мехала дакъа ду. Ненан (нохчийн) маттахь хьалха Iамийнарг кхин а лакхарчу тIегIанехь мотт караберзоран коьрта бух хилла дIахIуттур ду – текстан, къамелан стилийн (къаьсттана Iилманан, публицистикин, исбаьхьаллин) тIегIанехь, дешархойн индивидуальни-къамелан стиль кхиоран а, маттах йукъара хаамаш караберзоран а тIегIанехь. Цу кепара материал йийцаро дуьззана довзуьйту меттан дакъойн маьIна а, меттан текст кхолларан таронаш, стилистически норманаш тидаме а оьцуш, дозучу къамелехь цара кхочушден гIуллакх а.

Дешаран предметан чулацам кхочушбан таро йу классал арахьарчу гIуллакхехь: экскурсеш, тематикин мероприятеш, къовсамаш, и. д. кх. а.

**«Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предмет Iаморан Iалашо а, декхарш а**

«Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предмет Iаморан **Iалашо**

– меттан а, культурин а уьйр йовзийтарехь кхачойар, нохчийн меттан коммуникативни-эстетически таронех кхетар, нохчийн маттахь къамелан гIуллакхан тайпанаш, къамелан оьздангалла, коммуникативни карадерзарш кхачаме далор; меттан Iилманан дакъошца догIуш, нохчийн меттан башхаллех а, меттан коьртачу единицех а долу хаарш шордар; россин граждански цхьаалла, поликультурни йукъараллехь вовшех кхетаран говзалла кхиор.

«Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предмет Iаморан **декхарш**:

– гражданин а, патриот а кхетош-кхиор; нохчийн маттах нохчийн къоман синъоьздангаллин а, культурин а мехалла санна кхетам кхоллар; нохчийн меттан къоман шатайпаллех кхетар; нохчийн матте, цуьнгахула культуре а безам кхиор, иза бовза лаам кхоллар; нохчийн мотт Iалашбаран а, кхиоран а жоьпалла лакхадаккхар; Россин къаьмнийн культуре а, меттанашка а ларам кхиор; къаьмнашна йукъарчу тIекаренан культура карайерзор;

– маттах хьаркийн кхуьуш йолчу системех санна кхетам кхоллар, ткъа иштта нохчийн литературин меттан стилех, исбаьхьаллин-суртхIотторан таронех, норманех кхетам кхоллар а;

– тIекаренан хьоле хьаьжжана, къамелан нийса анализ йаран хаарш карадерзор, шен меттахь а, нийса а, исбаьхьа а дешнех пайдаэцаре хьаьжжана, шен а, кхечеран а къамелан маххадор;

– шена хетарг тІечІагІдан а, барта, йозанан къамелехь иза говза схьаала а хаарш кхоллар;

– проектан а, лехаман а ойлайар кхиор, нохчийн маттахь лехаман болх кхочушбарехь зеделларг шардар, хаарш ша шена карадерзо Іамор.

## «Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предметан Герггарчу белхан программин коьрта чулацаме линиш

Программехь гайтина чулацаме ши лини.

Хьалхарчу чулацамечу линина («Мотт, маттах лаьцна йукъара хаамаш, меттан Іилманан дакъош») йукъадогІу дакъош, меттан дІахІоттор а, меттан дакъоша кхочушдечу гІуллакхан башхаллаш а гойтуш долу.

ШолгІа чулацаме лини («Къамел, къамелан тІекаре, къамелан оьздангалла») тІехьажийна йу къамелан тІекаренан карадерзарш кхетам болуш кхиорна.

## Дешаран хьесапехь «Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предметан меттиг

ЙЙД ФПДС-ца догІуш, «Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предмет йукъайоьду «Ненан мотт а, литература а» предметан об-ластана, Іамо декхарийлахь йолу предмет а йу.

10–11 классашкахь «Ненан (нохчийн) мотт» предмет Іаморна билгалдаьккхина дешаран шарахь кІиранах 1 сахьт (34 дешаран кІира): 10 классехь – 34 сахьт, 11 классехь – 33 сахьт. Шина шарахь Іаморан йукъара барам герггарчу хьесапехь 67 сахьт хир ду.

Дешаран хьукматан бакъо йу дешаран предмет Іамо лерина сахьтийн барам алсамбаккха дешаран гІуллакх кхочушдечу декъашхоша вовшахтоьхначу дешаран хьесапан декъера схьаэцначу сахьташца.

## «НЕНАН (НОХЧИЙН) МОТТ» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТАН ЧУЛАЦАМ

### 10 класс

### Маттах лаьцна йукъара хаамаш

Нохчийн маттах йукъара хаамаш. Нохчийн меттан, литературин мотт. Ненан меттан маьІна а, цуьнан функцеш шорйар а.

Мотт а, къамел а. Къамел гІуллакх санна. Къамелан гІуллакхан тайпанаш: йешар, ладогІар, къамел дар, йаздар.

### Меттан Іилманан дакъош

**Лексикологи**

Нохчийн меттан дешнийн хІоттам. Дош, цуьнан лексически а, грамматически а маьІна. Цхьа маьІна долу а, дукха маьІнаш долу а дешнаш. Дешан нийса а, тІедеана а маьІна.

Синонимаш, омонимаш, антонимаш меттан исбаьхьаллин гІирсаш санна.

Массара а пайдаоьцу лексика а, кІезиг пайдаоьцу лексика а.

Ширйелла лексика: историзмаш а, архаизмаш а. Неологизмаш.

ТІеэцна лексика.

Нохчийн меттан дошамаш.

**Фонетика. Орфографи** (Іамийнарг карладаккхар)

Фонетикин коьрта дакъош: аз, дешдакъа, дош, фраза. Нохчийн меттан мукъа а, мукъаза а аьзнаш. Мукъачу аьзнийн коьрта башхаллаш.

Нохчийн меттан мукъазчу аьznийн классификаци.

Мукъачу а, мукъазчу элпийн нийсайаздар.

Орфографи. Нохчийн орфографин принципаш. Орфографи нийсайаздаран бакъонийн система санна.

Даккхий а, кегий а элпаш йаздар.

Дош сехьадаккхар.

Нийсайаздаран дошамаш.

**Морфемика а, дошкхолладалар а**

Морфемика а, дошкхолладалар а лингвистикин дакъош санна (карладаккхар, жамIдар). Орам а, цхьанаораман дешнаш а. Дешхьалхе. Суффикс. Дешан лард. Схьадевлла а, схьадовлаза а дешнаш.

**Морфологи**

Морфологи грамматикин дакъа санна. Морфологин коьрта кхетамаш.

Нохчийн маттахь къамелан дакъойн система. Коьрта а, гIуллакхан а къамелан дакъош.

ЦIердош къамелан дакъа санна, цуьнан синтаксически функцеш. Долахь а, йукъара а цIердешнаш. ЦIердешнийн

грамматически категореш: терахь, дожар. ЦIердешнийн легар.

Чолхечу цIердешнийн нийсайаздар.

Билгалдош къамелан дакъа санна, цуьнан синтаксически функцеш. Билгалдешнийн кхолладаларан некъаш. Чолхечу билгалдешнийн нийсайаздар.

Терахьдош къамелан дакъа санна, цуьнан синтаксически функцеш. Шайн маьIне а, хIоттаме а хьаьжжана терахьдешнийн тайпанаш. Терахьдешнийн нийсайаздар.

ЦIерметдош къамелан дакъа санна, цуьнан синтаксически функцеш. Шайн маьIне а, хIоттаме а хьаьжжана цIерметдешнийн тайпанаш. ЦIерметдешнийн нийсайаздар.

Хандош къамелан дакъа санна, цуьнан синтаксически функцеш. Цхьалхе а, чолхе а хандешнаш. Чолхечу хандешнийн кхолладаларан некъаш. ГIоьналлин хандешнаш. Хандешан хенаш. Хандешнийн нийсайаздар.

Куцдош: маьIна а, синтаксически гIуллакх. Куцдешнийн кхолладаларан некъаш. Чолхечу куцдешнийн нийсайаздар.

Причасти хандешан шатайпа кеп санна: маьIна а, морфологически билгалонаш а, синтаксически гIуллакх. Причастийн легар. Причастийн нийсайаздар.

Деепричасти хандешан шатайпа кеп санна: маьIна а, морфологически билгалонаш а, синтаксически гIуллакх. Деепричастийн нийсайаздар.

ГIуллакхан къамелан дакъош. ГIуллакхан къамелан дакъойн йукъара характеристика; гIуллакхан а, коьртачу а къамелан дакъошна йукъахь йолу башхаллаш.

ДештIаьхье гIуллакхан къамелан дакъа санна. ДештIаьхьенийн а, дешхьалхенийн а нийсайаздар.

Хуттург гIуллакхан къамелан дакъа санна. Хуттургийн нийсайаздар.

Дакъалг гIуллакхан къамелан дакъа санна. Шайн маьIне хьаьжжана дакъалгийн тайпанаш. Предложенехь дакъалгийн нийсайаздар.

Айдардош шатайпа къамелан дакъа санна. Шайн маьIне хьаьжжана аардешнийн тайпанаш. Айдардешнийн нийсайаздар.

**11 класс**

**Маттах лаьцна йукъара хаамаш**

Мотт а, халкъан истори а. Литературин мотт а, диалекташ а. Йукъараллехь литературин матто кхочушден гIуллакх.

**Меттан Iилманан дакъош**

**Синтаксис**

Синтаксис лингвистикин дакъа санна (карладаккхар, жамI дар).

Коьрта синтаксически дакъош.

Дешнийн цхьаьнакхетар. Дешнийн цхьаьнакхетарийн тайпанаш.

Предложенех кхетам балар. Предложенин коьрта билгалонаш. Предложенийн тайпанаш.

**Цхьалхе предложени**

Предложенийн тайпанаш, аларан Iалашоне а (дийцаран, хаттаран, тIедожоран), эмоцин билгалоне а (айдаран а, айдаран йоцу а) хьаьжжана. Церан интонацин а, маьIнин а башхаллаш.

Коьрта меженаш хиларе хьаьжжана, цхьалхечу предложенийн тайпанаш (шинахIоттаман, цхьанахIоттаман). ЦхьанахIоттаман предложенийн тайпанаш: билгала-йуьхьан, билгалза-йуьхьан, йукъара-йуьхьан, йуьхьза, цIеран.

Предложенин цхьанатайпана меженаш. Предложенин цхьанатайпанчу меженашкахь сацаран хьаьркаш.

Цхьанатайпана а, цхьанатайпана боцу а къастамаш.

Предложенин шакъаьстина меженаш.

Йукъадало дешнаш, церан нийсайаздар.

ТIедерзар. ТIедерзаран коьрта гIуллакх. Даьржина а, даржаза а тIедерзар.

*ХIаъ, хIан-хIа* дешнашца йолчу предложенийн грамматически, интонационни, пунктуационни башхаллаш.

**Чолхе предложени**

Чолхечу предложенийн тайпанаш.

Чолхе-цхьаьнакхетта предложенеш. Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенин дакъош вовшахтосу гIирсаш. Чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенешкахь сацаран хьаьркаш.

Къамелехь чолхе-цхьаьнакхеттачу предложенех пайдаэцар.

Чолхе-карара предложенеш. Карара хуттургаш а, хуттургийн дешнаш а.

ТIетухучу предложенийн тайпанаш.

Чолхе-карарчу предложенийн коьрта тайпанаш: кхачаман а, къастаман а, латтамийн а тIетухучу предложенешца йолу

чолхе-карара предложенеш.

Нохчийн маттахь тIетуху предложени хIотторан башхаллаш.

Хуттургаш йоцу чолхе предложенеш. Хуттургаш йоцчу

чолхечу предложенехь сацаран хьаьркаш. Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенехь цIоьмалг а, цIоьмалгаца тIадам а. Хуттургаш йоцчу чолхе-

чу предложенехь шитIадам. Хуттургаш йоцчу чолхечу предложенехь тире.

Къамелехь хуттургаш йоцчу чолхечу предложенех пайдаэцар.

**Къамел, къамелан тIекаре, къамелан оьздангалла**

Къамелан оьздангалла. Къамелан этикет.

Къамелан оьздангаллин коьрта аспекташ: нормативни, коммуникативни, этикин. Къамелан коммуникативни Iалашо хилар, шен меттахь, нийса, къаьсташ хилар. Коммуникативни дикаллин а, къамелан эвсараллин а маххадор.

**Стилистика**

Вайн заманан нохчийн меттан функциональни тайпанаш. Къамелан стилаш (карладаккхар, жамIдар). Буьйцу мотт а, исбаь хьаллин литературин мотт а.

Буьйцу мотт, цунах пайдаэцаран гуо, маьIна а. Буьйцучу меттан коьрта билгалонаш.

Исбаьхьаллин литературин мотт а, меттан кхечу функциональни тайпанех иза къаьсташ хилар а (карладаккхар, жамIдар). Исбаьхьаллин къамелан коьрта билгалонаш: васт хилар, меттан суртхIотторан гIирсех а, кхечу функциональни тайпанийн меттан гIирсех а шуьйра пайдаэцар.

## КОЬРТАЧУ ЙУКЪАРЧУ ДЕШАРАН ТIЕГIАНЕХЬ «НЕНАН (НОХЧИЙН) МОТТ» ДЕШАРАН ПРЕДМЕТ КАРАЙЕРЗОРАН КХОЧУШДАН ЛОРУ ЖАМIАШ

Йуккъерчу йукъарчу дешаран тIегIанехь «Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предмет Iамийча, дешархошкахь кхиъна хир ду личностни а, метапредметни а, предметан а жамIаш.

### Личностни жамIаш

Йуккъерчу йукъарчу дешаран нохчийн меттан Герггара белхан программа дешархоша карайерзоран личностни жамIашка кхочу йукъардешаран организацехь дешаран а, кхетош-кхиоран а гIуллакхийн цхьааллехь, ламасталлин социокультурни, синъоьздангаллин мехаллашца, йукъараллехь тIеэцначу низаман бакъонашца, норманашца догIуш а долуш, цул сов, жамIаша аьтто бо ша-шен довзарехь, ша-шен кхетош-кхиорехь, ша-шен кхиорехь, адаман чоьхьара хьелаш, патриотизм, граждански жоьпалла кхиорехь; законе а, бакъонан низаме а, къинхьегаман адаме а, баккхийчу нахе а ларам кхиорехь, ткъа иштта вовшашца лараме а, культурин тIаьхьалонца, Iаламца, шена гонахарчаьрца тидаме а хиларехь.

Йуккъерчу йукъарчу дешаран тIегIанехь нохчийн меттан Герггара белхан программа дешархоша карайерзоран личностни жамIаша гайта деза россин йукъараллин ламасталлин мехаллашца догIуш долчу кхолладеллачу чоьхьарчу хьелийн, мехаллех кхетаран системин, диканах тешна хиларан куьйгаллица болх бан дешархой кийча хилар, кхетош-кхиоран гIуллакхан коьрта некъаш кхочушдаран дахарехь а, гIуллакх дарехь а зеделларг совдаккхар, ткъа иштта хIокху дакъошкахь:

***граждански кхетош-кхиоран*:**

– дешархочун граждански позици россин йукъараллин жигарчу а, жоьпаллин а декъашхочун санна кхиор;

– шен конституционни бакъонех, декхарех кхетар, закон а, бакъонан низам а ларар;

– ламасталлин къоман а, адамийн йукъара гуманистически а, демократийн а мехаллаш тIеэцар (цу йукъахь нохчийн маттахь йазйинчу литературин произведенийн teкстaшкахь гайтинчу хьелашца йогIурш а);

– граждански йукъараллин хьашташца догIуш, цхьаьна гIуллакх лело, ишколехь шайн урхаллехь а, берийн-кхиазхойн организацешкахь а дакъалаца кийча хилар;

– гуманитарни а, волонтерски а гIуллакххехь дакъалаца кийча хилар;

***патриотически кхетош-кхиоран*:**

– Нохчийн Республикин пачхьалкхан матто санна нохчийн матто дечу гIуллакхах кхетар;

– пачхьалкхан символшца, исторически а, Iаламан а тIаьхьалонца, хIолламашца, тIеман хьуьнаршца, халкъан къинхьегаман кхиамашца, Россин тайп-тайпанчу къаьмнийн ламасташца мехала йукъаметтигаш йолуш хилар;

– идейни тешна хилар, Даймехкан гIуллакх дан, иза ларбан кийча хилар, цунна хьалха жоьпалахь хилар;

***синъоьздангаллин кхетош-кхиоран*:**

– нохчийн къоман синмехаллех кхетар;

– гIиллакхе леларан норманаш, оьздангаллин кхетам кхиор;

– оьздангаллин мехаллаш а, норманаш а йовзарца хIоьттинчу хьолан мах хадо а, кхетам болуш, сацам бан а хаар;

– тешаме кхане дIахIотторехь ша лоцучу декъах кхетар;

– шен деца-ненаца йолчу йукъаметтигехь а, шен къоман ламасташца догIуш, доьзалан дахаран мехаллаш кхетамца тIеэцаран буха тIехь доьзал кхолларехь а жоьпалла хилар;

***эстетически кхетош-кхиоран*:**

– Iер-дахаран, Iилманан а, технически а кхоллараллин, спортан, къинхьегаман, йукъараллин йукъаметтигийн эстетика йукъа а лоцуш, дуьненца эстетически йукъаметтиг хилар;

– шен а, кхечу а халкъийн искусствон тайп-тайпанчу кепех, ламастех, кхоллараллех кхета а, искусствон эмоцин тIеIаткъам бовза а хаар;

– мехкан а, дуьненан а искусство адамна а, йукъараллина а маьIне хиларх тешар;

– искусствон тайп-тайпанчу кепашкахь ша-шен гайта кийча хилар, кхоллараллин адаман дикалла гайта гIертар (цу йукъахь нохчийн маттахь кхоллараллин белхаш кхочушбеш а);

***физически кхетош-кхиор*:**

– дахаран могаш, кхерамза кеп а, шен могашаллина жоьпаллехь хилар а кхиор а;

– физически кхачаме хилар а, спортаца могашалла тойаран гIуллакх а хьашт хилар;

– зене марздаларш, физически а, синIаткъаман а могашаллина зене

йолу кхин тайпа кепаш тӀецаэцар;

***къинхьегаман кхетош-кхиоран*:**

– къинхьегамна кийча хилар, говзаллин, болх безаран механлех кхетар;

– корматаллин гӀуллакхан тайп-тайпана сфераш Ӏамо дог дар, цу йукъахь филологийн, журналистийн, йаздархойн гӀуллакхан а; хин йолу корматалла хьекъалца къасто а, шен дахаран планаш кхочушйан а хаар;

– шен дерриг дахарехь деша а, ша деша а кийча хилар а, хьуьнар хилар;

***Экологин кхетош-кхиоран*:**

– экологин культура кхиар, Ӏаламан а, социальни а гонан хьолана социальни-экономически процессаша бечу Ӏаткъамах а, экологин проблемаш йаккхий хиларх а кхетар;

– йукъаралла чӀогӀа кхиаран Ӏалашонаш хааран буха тӀехь шена гонахарчу хьолехь дан дезачун план хӀоттор а, иза кхочушдар а;

– гонахарчарна зуламе болу ардамаш тӀецаэцар; дан леринчун экологина зене йолу тӀаьхьалонаш билгалйаха а, уьш ца хилийта а хаар;

***Ӏилманан довзаран механлин*:**

– Ӏилма, йукъараллин практика кхиаран хӀинцалерчу тӀегӀанца йогӀуш а, поликультурни дуьненахь ша дӀалоцучу меттигах кхетош а йолу культурин диалоган буха тӀехь кхоллайелла дог-ойла кхиар;

– меттан а, йешаран а культура адамашна йукъахь зӀе хиларан а, дуьне довзаран а гӀирс санна кхачаме йалор;

– Ӏилманан гӀуллакхан механлех кхетар, дешаран-лехаман а, проектан а гӀуллакх (цу йукъахь нохчийн маттахь а, тобанехь а, ша а) кхочушдан кийча хилар.

**Метапредметни жамӀаш**

**Универсальни довзаран ардамаш караберзор**

***Коьрта логически ардамаш*:**

– проблема а, цуьнан механла а ша билгалйаккха, массо агӀор иза къасто;

– меттан дакъош, меттан хиламаш а, процессаш а, меттан тайп-тайпанчу функциональни тайпанийн, функциональни-маьӀнин тайпанийн, жанрийн тексташ йустаран а, церан классификаци йаран а, жамӀдаран а ладаме билгало йа бахьана билгалдаккха;

– проблема къасторан план хӀотто, материальни а, материальни йоцчу а ресурсийн анализ тидаме а оьцуш;

– дахаран проблемаш къасторехь креативни ойлайар кхио, шен къамелан, йешаран зеделларг тидаме а оьцуш.

***Коьрта лехаман ардамаш*:**

– дешаран-лехаман, проектан гӀуллакхан а (цу йукъахь «Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предмет Ӏаморан контекстехь а), дешаран декхарш кхочушдаран кепаш ша лаха кийча хиларан а, довзаран тайп-тайпанчу кепех пайдаэцаран а карадерзарш кхио;

– дешаран гӀуллакххехь а, дахаран тайп-тайпанчу хьелашкахь а шен

декхарш хIитто а, кепе дало а;

– декхар а, цуьнан мехалла а билгалйаккха, гипотеза йало, шен тIечIагIдаршна тешалла дало;

– керлачу хьелийн, карадирзинчу зеделлачун мах хадо;

– хаарш дахаран практически областе дехьадаха а, ардаман карабирзина гIирсаш, кепаш корматаллин гоне дехьайаха а хаа;

– керла идейш, шатайпа некъ бало а, проблемаш къасторан кхин кеп ала а;

***Хаамца болх бар*:**

– хааман декхар, Iалашонан аудитори тидаме а оьцуш, йовзийтаран а, гайтаран а уггар гIолехь йолу кеп (презентацеш, таблицаш, схемаш) харжарца тайп-тайпанчу барамашкахь тексташ кхолла;

– хааман бакъхиларан а, бакъонийн, оьздангаллин норманашца иза богIуш хиларан а мах хадо;

– коммуникативни а, вовшахтохаран а декхарш кхочушдарехь хаамийн а, коммуникационни а гIирсех пайдаэца, кхерамзаллин техника, гигиена, бакъонийн а, оьздангаллин а норманаш, хаамийн кхерамзалла ларйеш.

**Универсальни коммуникативни ардамаш караберзор**

***ТIекаре*:**

– тIекаренан ишарш йаран гIирсех пайдаэца, йукъараллин хьаькийн маьIнех кхета, къовсаме хьелаш кхолладаларан бахьанаш довза а, къовсамаш малбан а;

– тIекаренан а, адамашна йукъахь зIе хиларан а тайп-тайпана кепаш карайерзо; тIечIагIдарш далорца диалог дIайа- хьа;

– къамелан оьздангалле хьаьжжана, шена хетарг даьржина, хьекъале, оьзда ала а, къамел дIахIотто а.

***Цхьаьна гIуллакхдар*:**

– тобанца а, ша а бен болх гIолехь хиларх кхета а, цунах пайдаэца а;

– цхьаьна дечу гIуллакхийн теманаш, кепаш харжа, коллективан хIора декъашхочун йукъара лаамаш, таронаш тидаме а оьцуш;

– цхьаьна гIуллакх даран Iалашонаш йуьхьарлаца, цу Iалашонашка кхача цхьаьна ардамаш вовшахтоха а, царна йукъа уьйр таса а: ардамийн план хIотто, декъашхошна хетарг тидаме а оьцуш, декхарш дIасадекъа, цхьаьна бечу белхан жамIаш дийцаре дан;

– йукъарчу жамIе кхача ша лаьцначу декъан а, тобанан хIора декъашхочо лаьцначу декъан а дикаллин мах хадо хIиттийнчу критерешца;

– керла проекташ йала; кхоллараллин говзалла а, жигаралла а гайта.

**Универсальни регулятивни ардамаш караберзор**

***Ша-шен вовшахтохар*:**

– довзаран гIуллакх ша кхочушдан, проблемаш гучуйаха, дешаран гIуллакхехь а, дахаран тайп-тайпанчу хьелашкахь а шен декхарш хIитто а, кепе дало а;

– проблема къасторан план ша хIотто, йолу ресурсаш, шен таронаш, шена бакъахь хетарг тидаме а оьцуш;

– кхетам болу харжам бан, иза тӀечӀагӀбан хаа, харжаман жамӀех жоьпалла тӀеэца;

– карадирзинчу зеделлачун мах хадо;

– шен дешаран а, культурин а тӀегӀа даим лакхайаккха.

***Ша-шен таллар*:**

– керлачу хьелийн мах хадо, гӀуллакх дарехь хийцамаш йукъабало, жамӀаш Ӏалашонашца догӀуш хиларан мах хадо;

– довзаран рефлексин хаарш кхочушбечу ардамех а, ойлайаран процессех а, церан жамӀех а кхетар санна карадерзо; хьолан мах хадорехь а, нийса сацам харжарехь а рефлексин кепех пайдаэца;

– кхерамийн мах хадо а, уьш лахбан шен хеннахь сацам тӀеэца хаа.

***Ша а, кхиберш а тӀеэцар*:**

– шен кхачамбацарех, дикаллех кхета а кхеташ, ша тӀеэцар;

– гӀуллакхан жамӀийн анализ йарехь кхечу адамийн бахьанаш а, тӀечӀагӀдарш а тӀеэца;

– ша а, кхиверг а гӀалатвала бакъо йолуш хиларх кхета;

– кхечу стагах а, цунна хетачух а кхеташ хила.

**Предметан жамӀаш**

«Ненан (нохчийн) мотт» дешаран предмет Ӏаморан процессехь 10–11 классашкахь арахецархо Ӏемар ву:

– адаман, йукъараллин, пачхьалкхан дахарехь ненан матто кхочущден гӀуллакх къасто;

– тайп-тайпанчу кепашкахь а, муьлххачу темина а нохчийн маттахь паргӀат къамел дан;

– шен халкъан культура лелорг санна нохчийн мотт ларбан;

– адаман меттан, литературин, интеллектан, синъоьздангаллин кхиарна а, цуьнан социальни кхиарна а йукъахь йолу уьйр чӀогӀа хиларх кхета;

– шен халкъан ламастийн а, цо кхочущдечун а декъах хилар хаадала, тӀаьхьенаша истори кар-кара йаларх кхета;

– меттан хьолах паргӀат пайдаэца, барта а, йозанан а къамелан норманашца, къамелан оьздангаллин бакъонашца догӀуш, функциональни таронех кхачам боллуш пайдаэцарца нохчийн литературин мотт караберзоран культура кхио;

– системех а, кхуьуш болчу хиламах а санна нохчийн маттах, цуьнан тӀегӀанех а, дакъойх а, цо дечу гӀуллакхан бакъонийн низамах долу хаарш карладаха;

– къамелан практикехь нохчийн меттан норманех пайдаэца;

– нохчийн маттах долу Ӏилманан хаарш систему дало, нохчийн меттан лингвистикин коьртачу кхетамех, коьртачу дакъойх, грамматикин категорех пайдаэца;

– дешан тайп-тайпанчу кепехь анализ (фонетически, морфемни, дошкхолладаларан, лексически, морфологически), предложенин а, дешнийн цхьаьнакхетаран а синтаксически анализ йан;

– нохчийн меттан фразеологин а, лексикин а коьрта стилистикин ресурсаш, нохчийн меттан коьрта норманаш (орфоэпин, лексикин, грамматикин, орфографин, пунктуацин), къамелан оьздангаллин норманаш

карайерзо; къамелан практикехь барта а, йозанан а аларш кхолларехь царах пайдаэцар шардан; къамел кхачаме дало гIерта;

– адамийн йукъарчу мехаллех санна меттан оьздангаллех жоьпалла кхио.

## ХIора классан предметан жамIаш

### 10 класс

Дешархо Iемар ву:

– нохчийн меттан маьIнех а, цо кхочушден гIуллакх доккха хиларх а кхето;

– нохчийн гIарабевллачу меттан Iилманчийн цIераш йаха;

– меттан а, къамелан а кхетам къасто; къамелан гIуллакхан тайпанаш билгалдан (йешар, ладогIар, дийцар, йаздар), монологически а, диалогически а къамелан башхаллаш билгалйаха;

– нохчийн литературин маттахь къамел дан а, йаздан а;

– дешан лексически маьIнех тайп-тайпанчу кепашца кхето (цхьанаораман дешнаш далор; синонимаш, антонимаш йалор; контексте хьаьжжана а, маьIнин дошаман гIоьнца а дешан маьIна къастор);

– къамелехь дешнаш дало, церан лексически цхьаьнадар тидаме а оьцуш;

– къамелехь грамматически синонимех, церан стилистикин а, маьIнин а таронех пайдаэца;

– тайп-тайпанчу дошамех пайдаэца;

– коьрта а, гIуллакхан а къамелан дакъойн морфологически къастам бан, йукъарчу грамматически маьIнийн, коьртачу къамелан дакъойн морфологически билгалонийн башхаллаш билгалйаха, церан синтаксически гIуллакх къасто;

– къамелан дакъойн грамматически маьIнаш, синтаксически гIуллакх къасто;

– йозанан практикехь орфографин а, пунктуацин а коьрта бакъонаш ларйан, къамелехь вайзаманан нохчийн меттан коьрта лексически, грамматически, аларан норманаш ларйан;

– исбаьхьаллин тексташкахь а, публицистикехь а къоман ламасталлин синъоьздангаллин мехаллаш гойту лексика йовза.

### 11 класс

Дешархо Iемар ву:

– меттан историца а, нохчийн, кхечу къаьмнийн культурица а йолчу уьйрех кхета;

– лингвистически дошамийн гIоьнца (маьIнин, этимологически, и. д. кх.) деллачу лексически дакъойн маьIнаш билгалдан; шайна чохь къоман культура а, истори а гайтаре хьаьжжана, фразеологизмех кхето (Iамийнчун барамехь);

– йукъараллин дахарехь нохчийн литературин матто дечу гIуллакхах кхета;

– цхьаъ йа шиъ коьрта меже хиларе хьаьжжана, предложенийн тайпанаш къасто;

– предложенийн хIоттаман-маьIнин анализ йан, Iамийнчу цхьалхечу

предложенийн тайпанаш къасто;

– чолхейаьлла предложенеш, шакъаьстинчу коьртазчу меженашца, тIедерзаршца, йукъадалочу дешнашца йолу предложенеш къасто, цаьргахь сацаран хьаьркаш нийса хIитто;

– шакъаьстинчу меженашца, тIетухучу дакъошца йолу предложенеш нийса хIитто;

– цхьанатайпанчу меженашца йолу предложенеш къасто;

– чолхечу предложенин тайпа къасто;

– тIекаренан тайп-тайпанчу гонехь къамелан оьздангаллин башхаллаш хаа а, ларйан а;

– къамелан коммуникативни дикаллин а, эвсараллин а анализ йан;

– нохчийн меттан функциональни тайпанех кхетам хила;

– къамелан практикехь меттан функциональни тайпанех долчу хаарех пайдаэца;

– буьйцучу меттан, исбаьхьаллин литературин меттан коьртачу билгалонех кхетам хила;

– ненан меттан суртхIотторан гIирсех пайдаэца;

– тайп-тайпанчу хьостанашкара оьшу хаам схьахаржа, шен а, анализ йан йеллачу тексташкахь къамелан гIалаташ схьакаро а, нисдан а, тайп-тайпана тексташ хIитто.

## ТЕМАТИКИН ХЬЕСАПДАР

Белхан программа кхочушйарехь тематикин хьесапехь тидаме эцна хила йеза дешаран-методикин материалаш хуьлучу электронни дешаран ресурсех пайдаэцаран таронаш (нохчийн электронни ишкол, мультимедийни программаш, электронни учебникаш а, гIо-Iаматаш а, электронни библиотекаш
ловзаран программаш, электронни дошамаш (масала, «ДикДошам»), цифрийн дешаран ресурсаш гулйар, и. д. кх.), пайдаэцархойн тайп-тайпана тобанаш Iаморехь а, кхетош-кхиорехь а пайдаоьцуш а, электронни (цифрийн) кепехь гайтина а, информационни-коммуникацин технологийн дидактикин таронаш кхочушйеш а йолу (Йуххедиллар).

Теманаш а, дакъош а Iаморна лерина сахьтийн барам балийна герггарчу хьесапехь. Теманаш Iаморан рагI хийца йиш йу цхьана классан гурашкахь.

**10 класс – 34 с.**

| Тема, курсан дакъа | Программин чулацам | Сахьтийн барам | Дешархойн гIуллакхан коьрта тайпанаш |
|---|---|---|---|
| **Маттах лаьцна йукъара хаамаш** | Нохчийн маттах йукъара хаамаш.<br>Нохчийн меттан, литературин мотт. Ненан меттан маьIна а, цуьнан функцеш шорйар а.<br>Мотт а, къамел а. Къамел гIуллакх санна. Къамелан гIуллакхан тайпанаш: йешар, ладогIар, къамел дар, йаздар | 1 | Меттан историца а, нохчийн, кхечу къаьмнийн культурица а йолчу уьйрех кхета.<br>«Нохчийн мотт кхиаран историн характеристика» темина докладаш, рефераташ кхолла.<br>«Мотт а, къамел а» кхетамийн маьIна довзийта тобанашкахь болх бар; матте болчу коьртачу лехамех, барта а, йозанан а къамелан, къамелан тайпанийн, къамелан стилийн башхаллех кхетам бала.<br>ТIекаренан гIирс санна ненан меттан маьIнех а, тайп-тайпанчу хьелашкахь, тIекаренан гонехь къамел даран норманаш карайерзоран механаллех а лаьцна дешаран диалогехь дакъалаца.<br>Къамелан диалоган а, монологан а кепаш йуста.<br>«Нохчийн мотт ларбаран некъаш» темина проектан болх.<br>Цифрийн (электронни) ресурсашца болх бан:<br>1) дешаран портал «Нохчийн электронни ишкол» //URL:https://desharkho.ru/;<br>2) Нохчийн-оьрсийн, оьрсийн-нохчийн онлайн-дошам. ДикДошам //URL: https://ps95.ru/dikdosham/ru/ |

| | | | |
|---|---|---|---|
| **Меттан Іилманан дакъош. Лексикологи** | Нохчийн меттан дешнийн хIоттам. Дош, цуьнан лексически а, грамматически а маьIна. Цхьа маьIна долу а, дукха маьIнаш долу а дешнаш. Дешан нийса а, тIедеана а маьIна.<br>Синонимаш, омонимаш, антонимаш меттан исбаьхьаллин гIирсаш санна.<br>Массара пайдаоьцу лексика а, кIезиг пайдаоьцу лексика а.<br>Ширйелла лексика: историзмаш а, архаизмаш а. Неологизмаш.<br>ТIеэцна лексика.<br>Нохчийн меттан дошамаш | 4 | Дешан лексически маьIнех кхето тайп-тйпанчу кепашца (цхьанаораман дешнаш харжар; синонимаш, антонимаш харжар; контексте хьаьжжана а, маьIнин дошаман гIоьнца а дешан маьIна къастор). Къамелехь дешнех пайдаэца, церан лексически цхьаьнадар тидаме а оьцуш.<br>Цхьа маьIна долу а, дукха маьIнаш долу а дешнаш довза.<br>Нохчийн а, тIеэцна а дешнаш довза.<br>Тайп-тайпанчу лексически дошамашкахь (маьIнин дошамашкахь, синонимийн, антонимийн, омонимийн дошамашкахь) оьшу хаам каро а, цунах пайдаэца а.<br>Классехь «Синонимийн зIе» ловзар-къовсамехь шишша цхьаьна болх бан.<br>Дешнийн лексически анализ йан.<br>Цифрийн (электронни) ресурсашца болх бан:<br>1) Нохчийн меттан лексикин-семантикин тезаурус //URL: http://ps95.ru/nohchiyn-tezaurus/;<br>2) дешаран портал «Нохчийн электронни ишкол» //URL:https://desharkho.ru/;<br>3) Нохчийн-оьрсийн, оьрсийн-нохчийн онлайн-дошам. ДикДошам //URL: https://ps95.ru/dikdosham/ru/ |
| **Фонетика. Орфографи** | Фонетикин коьрта дакъош: аз, дешдакъа, дош, фраза. Нохчийн меттан мукъа а, мукъаза а аьзнаш. Мукъачу аьзнийн коьрта башхаллаш.<br>Нохчийн меттан мукъазчу аьзнийн классификаци.<br>Мукъачу а, мукъазчу элпийн нийсайаздар.<br>Орфографи. Нохчийн орфографин принципаш. Орфографи нийсайаздаран бакъонийн система санна.<br>Даккхий а, кегий а элпаш йаздар. | 4 | Нохчийн меттан фонетикин, орфографин башхаллех хьалха карадерзийнчу хаарийн жамI деш, тобанехь болх бан.<br>Нохчийн маттахь мукъазчу а, мукъачу а аьзнийн башхаллаш гучуйаха а, царах кхето а.<br>Дешнийн нийсайаздарх кхето.<br>Хьалха Іамийна орфографин коьрта бакъонаш ларйан.<br>Орфографин норманаш ларйаре хьаьжжана, йозанан аларийн мах хадош, шишша цхьаьна болх бан.<br>«Орфографически бакъонаш стенна оьшу?» диспутехь дакъалаца. |

| | | | |
|---|---|---|---|
| | Дош сехьадаккхар.<br>Нийсайаздаран дошамаш | | Нохчийн маттахь башхачу текстийн кийсакашка ладогӀа, церан чулацамах кхоччуш кхетаран Ӏала-шонца, хезнарг схьадийца (доцца схьадийцар).<br>Нийсайаздаран дошамашца болх бан.<br>Цифрийн (электронни) ресурсашца болх бан:<br>1) дешаран портал «Нохчийн электронни ишкол» //URL:https://desharkho.ru/;<br>2) Нохчийн-оьрсийн, оьрсийн-нохчийн онлайн-дошам. ДикДошам //URL: https://ps95.ru/dikdosham/ru/ |
